


Sa ou dwe konnen sou COVID-19 pou pwoteje tèt ou ak pwoteje lòt moun



Konnen COVID-19

- Kowonaviris (COVID-19) se yon maladi ke yon viris lakòz ki ka transmèt de yon moun a yon lòt moun.
- Viris ki lakòz COVID-19 lan se yon nouvo kowonaviris ki te gaye nanlemonn antye.
- Sentòm COVID-19 lan kapab varye soti nan lejè (oswa san sentòm) pou rive nan maladi grav.



Konnen kijan COVID-19 lan gaye

- Ou ka vin enfekte lè ou antre an kontak pwòch (apeprè 6 pye oswa de longè bra) avèk yon moun ki gen COVID-19. COVID-19 transmèt prensipalman de yon moun a yon lòt moun.
- Ou ka vin enfekte apati ti gout respiratwa lè yon moun ki enfekte touse, etènye, oswa pale.
- Ou ka anmezi pran li tou lè ou manyen yon sifas oswa yon objè ki gen viris la sou li, epi apre sa ou manyen bouch, nen oswa zye ou.



Pwoteje tèt ou ak lòt moun kont COVID-19

- Pa gen okenn vaksen aktyèlman pou pwoteje kont COVID-19. Meyè fason pou pwoteje tèt ou se evite ekspozè tèt ou nan viris ki lakòz COVID-19 lan.
- Rete lakay ou otank posib epi evite kontak pwòch avèk lòt moun.
- Mete yon pwoteksyon figi an twal ki kouvri nen ou ak bouch ou nan anvivonman piblik.
- Netwaye ak dezenfekte sifas moun manyen souvan yo.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa sèvi avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan.



Pratike Distans Sosyal

- Achete pwovizyon manje ak medikaman, konsilte doktè, ak fè aktivite labank yo sou entènèt lè sa posib.
- Si ou dwe ale an pèsòn, rete omwen 6 pye lwen lòt moun epi dezenfekte bagay ou dwe manyen.
- Jwenn livrezon ak a-anpòte, epi limite kontak fas a fas otank posib.



Evite pwopagasyon COVID-19 si ou malad

- Rete lakay si ou malad, sòf pou al pran swen medikal.
- Evite transpò piblik, pataje woulib, oswa taksi.
- Separe tèt ou de lòt moun ak bèt nan kay ou.
- Pa gen okenn tretman byen presi pou COVID-19, men ou ka chèche swen medikal pou ede soulaje sentòm ou yo.
- Si ou bezwen swen medikal, rele alavans.



Konnen risk ou genyen pou maladi grav

- Tout moun riske pran COVID-19.
- Moun aje ak moun nenpòt laj ki gen pwoblèm medikal grav alabaz ka nan pi gwo risk pou maladi ki pi grav.

